



**BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TENGAH**
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Nalika Arumi

Fajriatun Nurhidayati *Boyong*



BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TENGAH
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
2022

Nalika **Arumi Boyong**

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

NALIKA ARUMI BOYONG

Penulis-Penerjemah
Fajriatun Nurhidayati

Penyunting Penyelia
Sunarti

Penyunting
Jefrianto

Ilustrator
Kempho Antaka

Desain Isi
Aziz Nugroho

Cetakan Pertama
Desember 2022

Dimensi Buku
v dan 95 halaman, 14,8 x 20,5 cm



Penerbit
Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

Co-Publishing
publishing.solopos.com

Hak cipta dilindungi undang-undang. Dilarang mengutip atau memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku ini tanpa izin tertulis dari penulis atau penerbit.

Sambutan

**Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi**

Membaca tidak sekadar mengasah sisi intelektualitas, tetapi juga dapat mempertajam sisi perasaan, emosi, serta dapat menumbuhkan budi pekerti yang luhur. Membaca, khususnya karya sastra, dapat pula mengembangkan imajinasi. Kemampuan-kemampuan tersebut dapat dihasilkan dari lingkungan yang sarat dengan budaya membaca. Tentu saja, budaya membaca harus disokong oleh ketersediaan bahan bacaan yang menarik dan uluran tangan pihak-pihak yang turut membantu pelaksanaan kegiatan membaca.

Untuk mewujudkan tujuan dari membaca itu, penyediaan bahan bacaan bermutu dan disukai pembaca menjadi salah satu upaya yang urgen. Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah (BBP Jateng) tentu turut serta untuk mewujudkan tujuan tersebut. Upaya ini pun sebagai dukungan kami untuk menyukseskan Gerakan Literasi Nasional (GLN). Selain melalui penulisan bahan bacaan, kami juga menyediakan bahan bacaan yang dilengkapi dengan penerjemahan ke dalam bahasa daerah. Upaya ini juga, insyaallah, menjadi bagian dari upaya kami melestarikan bahasa daerah, khususnya bahasa Jawa.

Melalui program penulisan dan penerjemahan cerita anak pada tahun 2022, BBP Jateng menyediakan 15 karya cerita anak dwibahasa (bahasa Jawa-Indonesia) yang ditujukan untuk siswa sekolah dasar di kelas atas.

Karya-karya tersebut tentunya bersumber dari budaya lokal masyarakat Jawa dan di dalamnya terdapat nilai-nilai kearifan yang semoga bisa menginspirasi para pembacanya.

Sehubungan dengan itu, orang tua dan guru diharapkan dapat berperan sebagai fasilitator atau pendamping yang membantu kegiatan membaca anak-anak, baik di rumah maupun di sekolah. Dengan demikian, kita dapat berharap anak-anak akan menyukai isi cerita yang ada di dalam bahan bacaan yang kami sediakan ini. Kegiatan literasi bersama dan saling menunjang ini pada akhirnya bisa menumbuhkan kecintaan anak-anak untuk terus membaca dengan senang hati, berkembang dalam lingkungan budi pekerti luhur, sekaligus mengenali dan memahami beragam kosakata bahasa daerah yang hidup dan berkembang di lingkungan mereka.

Atas terlaksananya penulisan dan penerjemahan cerita anak ini, kami mengucapkan terima kasih kepada penulis, penerjemah, penyunting, dan pengelola di Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional (KKLP) Penerjemahan di Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah yang telah bekerja cerdas, serta kepada narasumber yang sangat budiman.

Pada akhirnya, sebuah pencapaian tidak akan bermakna tanpa apresiasi dan saran yang bijak dari pembaca. Kami tunggu kritik dan masukannya.

Selamat membaca dan salam literasi.

Semarang, 13 November 2022

Dr. Ganjar Harimansyah

Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

Batir Anyar

Arumi keton lata-liti karo nggoyang-nggoyang tilpun genggeme. Raine njapluk. Bolan-balen dheweke ndhengus. Bocah wadon umur sewelas taun kuwe agi ngenteni tilpun genggeme olih sinyal.

Sayange, sapete tekan ngenah, sinyal nang tilpun genggeme dhela-dhelailang. Malah cogan babar blas ora ana sinyal. Kamangka, Arumi kepengin nilpun batir-batire. Dheweke arep awah kabar sisan crita kahanan nang kene.

"Jajal nganah metu. Menawane nang jaba sinyale lewih kuat," ngendikane Ibu maring Arumi. Ibu krasa melas ndeleng Arumi keton ora tenang sapet esuk.



Arumi ndengus. "Kudune dhewek ora boyong maring nggon plosok kaya kiye, Bu."

"Sing sabar, ya, Arumi." Ibu ngadhem-adhemi.

Ning Arumi tambah njapluk. Dheweke banjur metu ngumah karo ngedumel. Arumi temenan gole kesuh. Usahane sedina kiye nggoleti sinyal ora ana asile. Dheweke

ngarepna kiye kur ngimpi. Arumi ora tau mbayangna bakal manggon nang plosok kaya kiye.

Uwis telung dina, Arumi nang umahe simbahe. Rencanane, kulawargane Arumi arep boyong maring desa. Simbahe Arumi wis mriyangen mulane kudu anasing mbatiri. Bapake Arumi kuwe anak siji-sijine til. Mulane, bapake Arumi njaluk boyong maring kantor cabang ben teyeng lewih cedhek karo umahe simbah. Gelem ora gelem Arumi ya melu boyong karo wong tuwane.

Ning, kakange Arumi tetep manggon nang Jakarta karo kulawargane Bulik Irma, adhine ibune merga sedhela maning Mas Elang enggal lulus SMP. Bapak kepengin Mas Elang nglanjutna sekolah nang kutha baen. Uh, beja temen kakange.

Nek bisa milih, Arumi lewih milih manggon nang kutha. Nang kana kabehan sarwa kepenak. Arep lunga ngendi baen, akeh kendharaan. Arep golet apa baen kepenak merga akeh panggonan kanggo becer.

Banjur nang desa, kabehan krasa angel. Kamangka, Arumi nembe sedhela manggon nang kene. Kaya siki contone, kanggo golet sinyal baen, dheweke kudu mlaku adoh. Arumi kudu nggolet panggonan sing ana sinyal ben teyeng ngirimpesen.

Sidane, Arumi nemu panggonan sing mandan dhuwur. tilpun genggeme teyeng nyaut sinyal senjata mung sinyal 2G. Kuwe baen sinyale dhela-dhela kabur kaya kegawa angin. Ning ya lumangyan kena kanggo ngirim pesen.

Arumi mbukak aplikasi *Whatsapp*. Puluhan pesen kang batir-batire langsung padha mlebu. Paling akeh pesen kang grup genge dheweke. Batir-batire padha takon kabare, takon kenangapa Arumi angel detelpon, lan liya-liyane. Arumi gageyan mbalesi tuk siji pesen-pesen kuwe.

Ah, Arumi dadi kangen karo batir-batire. Dheweke banjur gawe nilpun nang grup. Sayange, uwis nunggu suwe, ora teyeng nyambung baen.

Arumi ngirim pesen swara. Dheweke crita nek ora betah urip nang desa. Arumi kepengin balik maring kutha lan ketemu batir-batire. Ning, pas pesenswarane dikirim, malah kur uwer-uwer thok. Tulisane esih *memuat* baen. Suwe-suwe Arumi kesel gole nunggoni. Dheweke banjur murun. Pas agi murun, Arumi kaget krungu swara bocahan padha njerit-njerit karo guyonan.

"Agi padha ngapa jane brisik pisan?" Arumi mbatin.

Arumi dadi kepengin ngerti bocahan kae agi padha ngapa. Dheweke nggoleti asale swara kuwe. Jebule, ora adoh kang kono ana lapangan cilik. Arumi weruh bocahan

agi padha dolanan. Ana sing playon oyok-oyokan, ana sing grombolan, lan ana sing agi padha untal-untalan.

Pluk!

Ana sing nggebug pundhake Arumi. Dheweke nganti njimprak. Mak jegagig nang ngarepe ana bocah wadon rambute kriting sing agi mesem.

"Kowe putune Mbah Mar, mbok? Inyong ngerti kowe, lho. Deneng nembemetu siki? Mbokan kowe wis boyong sapet wingi-wingi?" Bocah kuwe langsung ngeceblek.

"Inyong miki tes bali sedhela njukut nginum. Yuh, dolanan bareng. Aja kur njanggleng nang kene baen." Bocah kuwe nggeret tangane Arumi.

Gelem ora gelem, Arumi melu ngetutna. Jane, dheweke mandan ora sreg karo kuwe bocah. Arumi ora wawuh acan karo bocah wadon kuwe. Ning amleng- amleng bocahe sok wawuh tur sok akrab.

"Batir-batir, kiye ana bocah anyar arep melu dolanan." Swara cemprenge bocah kuwe gawe batir-batir liyane mandheg gole dolanan. Kabehan padha ndelengmaring Arumi.

Arumi kur teyeng mesem semendhing karo manthuk kanggo patut-patut. Dheweke ngesotna tangane sekang cekelane bocah wadon kuwe.

"Sapa kuwe, Wur?" Ana bocah lanang sing medhek.
Bocahe bagus tur putih. Klambine keton paling maen.
Rambute uga sisirane rapi.

"Kuwe putune Mbah Mar sing nembe boyong kae. Masa kowe ora ngerti, sih?" semasure bocah wadon kuwe.

"Jenenge sapa?" Bocah liyane melu takon.

"Eh... eh... sapa, ya?" Bocah wadon kuwe keton isin.

"Aduh, Wuri... Wuri. Maning-maning kenalan dhisit, tembe aseng dolan," omonge bocah lanang sing klambine maen.
Bocah-bocah padha gemuyu.

Tuk siji bocahan padha kenalan karo Arumi. Arumi dadi ngerti nek bocah wadon sing rambute kriting jenenge Wuri.
Banjur bocah lanang sing keton bagus kae jenenge Tama.

"Err... inyong arep...."

"Arep melu dolanan, mbok? Ora usah isin-isin, Rum. Kiye bocahan agi padha dolanan tradhisional. Nang kutha mesti ora ana dolanan kaya kiye." Wuri nyamber baen.

Arumi ndudut ambegan. Jane, miki dheweke arep pamit bali. Arumibabar blas ora niat dolanan karo bocah-bocah kuwe. Ning, Wuri malah sok ngerti. "Eh... ya, kena, lah. Ning inyong ndeleng dhisit, ya. Inyong kan urung ngerti kepriwe gole dolanan," ujure Arumi. Dheweke ora bisa alesan maning. Arumi banjur ngembul karo bocahan.

"Lagi padha dolanan apa, sih?" takone Arumi maring Tama.

"Kiye jenenge dolanan sundha mandha," semau Tama.

Tama banjur nerangna nek sundha mandha biasane kanggo dolanan nang bocah loro utawane lewih. Pendhak bocah gawa pethilan gendheng sing jenenge gaco. Banjur gacone deuntalna maring sewijine petak sing degambar nang lemah. Biasane ana wolung petak utawa kotak sing dhuwure ana gambar bunderan separo. Pendhak pemain ora olih menyak petak sing ana gacone.

"Oh, inyong ngerti kuwe. Kuwe kaya engklek, mbok?" tebake Arumi. "Mengko para pemaine mlumpat nganggo sikil siji sekang petak siji tekan

petak terakhir. Pemain sing uwis rampung seputeran olih sawah. Sawahe mung teyeng depenyak nang sing duwe. Bener, mbok?" ujure Arumi.

"Lho, deneng kowe ngerti?" Wuri keton gumun.

"Ya ngerti, lah. Ujure dolanan kaya kiye mung ana nang kene?" semau Arumi judhes. Dheweke esih mandan sebel karo Wuri.



"Iya, pancen sundha mandha utawa engklek kuwe mlebu dolanan tradhisional Indonesia. Ya memper nek Arumi uga ngerti," ujare Tama. "Kowe arep njajal dolanan, Arumi?"

"Ayuh, lah." Arumi njukut gaco sing diawehna nang Tama.

Arumi kesenengen dolanan karo bocahan. Ora krasa, wektune uwis sep. Dheweke banjur pamit bali. Jebule nyenengi dolanan karo bocah-bocah kae kejaba Wuri. Arumi ngarep ben ora prelu ketemu bocah kuwe maning.

Memet Cimplukan

Arumi medheki bapake sing agi sibuk natani kertas. Kayane kuwe surat- surat penting kanggo ngurus boyongan. Sapet wingi, bapake pancen sibuk ngurusiboyongane sakulawarga.

“Pak, inyong ora betah nang kene.” Arumi langsung ngomong. Dheweke ngenteni tanggepane bapake. Merga bapake meneng baen, Arumi banjur nerusna omongane.

“Nang kene inyong ora duwe batir. Arep ngapa baen angel. Golet sinyal baen kudu mlaku adoh. Kesel toli, Pak,” kandhane Arumi.



Bapak mbenerna kaca mripate. "Lho, mbokan kowe uwis duwe batir anyar?"

Jere Ibu, wingi kowe dolanan nganti sep."

"Adhuh, Pak. Kuwe ora sengaja. Kae udu batire inyong, koh. Inyong kan tembe wawuh." Arumi langsung njapluk.

"Kabeh prelu proses, mbok? Bapak karo Ibu uga kudu nglarasna karo kahanan lan lingkungan anyar. Alon-alon baen, ya," kandhane Bapak ngadhem- adhemi.

"Oh, ya, Bapak uwis tumbas kertu *perdana* anyar sing jaringane cocok nang kene. Jajal denggo." Bapak aweh kertu telpon anyar.

Arumi langsung semringah. Dheweke gageyan masang kertu nang tilpun genggeme. Arumi uwis kepengin bukak-bukak internet. Pas tilpun genggemediurubna, langsung ana pesen mlebu. Wah, sinyale kuat tur lancar kaya gili tol. Jebule, kertu anyare pancen cocok nang kene.

Mumpung uwis ana sinyal, Arumi niat arep tilpun batir segenge. Pas kae kan dheweke gagal nilpun. Tembe baen Arumi gawe *panggilan grup*, ujug-ujug anasing nyeluk. Tilpune langsung depedhot. *Aduh, sapa jane sing teka?*

Arumi maring ngarep karo aras-arasen.

"Arumi!" swara cemprenge Wuri langsung krungu. Tama ngawe-awe nangjere Wuri.

Arumi mesem kecut. Mbuh ngimpi apa mau bengi, siki dheweke ketemu bocah-bocah kiye maning.

"Ngapurane, ana apa, ya? Kadingaren padha maring ngeneh." Arumindeleng maring Tama.

"Dhewek arep golet cimplukan. Melu, yuh!" Wuri

langsung nyaut baenkaya biasane.

Arumi kukur-kukur pipine. "Kayane ora teyeng melu, lah. Inyong urungijin karo Ibu. Kebeneran ibune inyong agi lunga."

"Gampang kuwe, Rum. Miki ibune kowe uwis aweh ijin, kok," ujure

Wuri.

"Miki inyong karo Wuri ora sengaja ketemu ibune kowe nang warung.

Banjur dhewek njaluk ijin sisan. Ibune kowe aweh ijin. Jerene malah kowe kon desengi dolan-dolan ben duwe batir nang kene." Tama melu njelasna.

Arumi mung teyeng mrenges tok. Nek ibune uwis matur kaya kuwe, ora ana gunane alesan maning. Bapak ya padha baen. Mesti prentah kon dolanan karo bocah-bocah kuwe.

Sidane, Arumi melu Tama karo Wuri golet cimplukan. Turut dalan, Arumimung ngrungokna dopokane bocah loro kuwe.

"Miturute inyong wit cimplukan kuwe unik. Thukule nang kebon utawa sawah lan dianggep tanduran ama. Ning wohe malah enak lan dadi kesenengane bocah-bocah," jerene Tama.

"Iya, Rum. Kowe kudu nicipi. Rasane legi pisan. Nang kutha ora mesthi ana," ujure Wuri kaya ngerti-ngertia.

"Nek kantong cimplukane dipejet, ana swarane "pluk-pluk". Ndeyan merga kuwe dejenengi cimplukan, ya?" kandahe Wuri karo guya-guyu.

Arumi mung nanggepi seprelune. Jane, dheweke babar blas ora kepengin cimplukan. Apa maning agi panas semelet kaya kiye, mendhing nang umah baen karo dolanan tilpun genggem, mbukak internet utawane tilpunan karo batir-batire sing nang kutha. Ah, ning masa teyenga. Ibu karo bapak mesti ngomel.

Seuwise mlaku mandan adoh, Arumi karo batir-batire tekan panggone. Nang kono akeh tanduran liar. Sewijine, ana tanduran sing dhuwure sedhengkul. Godhonge amba lancip lan ana rigi-rigine. Tanduran kuwe methakar kaya payung. Nang pang-pange ana kantong-kantong bunder sing gemantung kaya lampion.

"Inyong ngerti kiye apa. Jenenge ceplukan. Dadi nek nang kene diarani cimplukan? Wah, nang kene akeh pisan wite," ujure Arumi bungah.

"Inyong tau mangan cimplukan. Rasane enak lan legi pisan. Jere ibune inyong, cimplukan kuwe akeh gunane

lan ana vitamin C-ne." Arumi nyricis karo met cimplukan. Kamangka, dheweke kawit mau meneng baen.

Siki gari Wuri karo Tama sing gumun. Bocah loro kuwe deleng-delangan. Arumi sing mikine menengan ujug-ujug dadi ceriwis pisan.

"Nang kutha ana wit kaya kuwe?" Wuri gumun.

"Inyong sih ora ngerti ana apa ora wite. Merga inyong urung tau weruh dhewek. Ning, ibune inyong tau toko cimplukan nang swalayan. Regane larang pisan. Masa sewadhah regane nganti puluhan ewu? Ya pancen enak, sih," kandahe Arumi.

"Nang kutha cimplukan dedol? Regane larang?" Wuri mendelik saking kagete.

"Iya, inyong tau weruh beritane nang tipi. Malah nang luwar negri uga didoli. Ora mung wohe, oyod karo godhonge baen kena kanggo obat herbal."Tama melu kandhah.

Arumi manthuk-manthuk. "Ibune inyong tau numbasna godhong cimplukan kanggo simbahe. Kuwe jere kanggo ngobati srepet."

Karo kandhahan, Arumi nicipi cimplukan sing dipet nang dheweke. Ninglangsung dilepeh maning. Raine keton mangar-mangar.

"Hoek! Deneng pait, ya?" Arumi melet-melet kanggo mbuwang rasa pait. Wurikaro Tama langsung padha gemuyu.

"Golete cimplukan sing uwis mateng, ya, Arumi. Warnane kuning mandancoklat." Tama nidokna cimplukan sing kantongge wis garing.

Arumi mlongo. Memper pait, wong miki dheweke mangan cimplukan sing ijo lan esih mentah.

Ora let suwe, bocah-bocah kuwe padha rebutan met cimplukan sing mateng.

Uwis padha keton akrab, ora kaku kaya maune. Sepisan-pisan padha guyon.

Arumi kipas-kipas karo tangan nang ngarep raine sing gobyos kringet. Dheweke karo Tama agi jagongan nang lincak sing nang emper umahe Wuri.

Kuwe padha nembe balik tes ngarah cimplukan. Ana telung plastik kebek cimplukan. Banjur padha mampir ngaub nang umahe Wuri.

"Padha nginum dhisit kiye." Wuri nggawa gelas telu isi banyu bening karo setoples peyek.

Arumi gageyan njukut wedange. Dheweke krasa ngelak pisan. Sapet esuk, dheweke uwis panas-panasan.

"Segere banyu kang kulkas kiye." Arumi ngelus gulune.

Wuri nggleges. "Kiye udu banyu kulkas, Rum.

Kulawargane inyong ora duwe kulkas."

Arumi mendelik. "Banjur kiye banyu apa? Udu banyu mentah, mbok?"

Wuri mlebu maning. Ora suwe, dheweke metu nggawa wadhah nginum sekang lempung. Wujude bunder lan ana gagange nang dhuwur. Banjur, ana cucuke nang pinggir kanggo dalan banyu.

"Banyune kang kene. Kiye kendhi kanggo wadhah banyu nginum. Wong kene nyebute gogok," jerene Wuri karo ngejogi maring gelase Arumi.

"Wow, deneng banyune teyeng anyes kaya nang kulkas?" Arumi gumun. "Merga kendhi digawe kang lempung. Dadi teyeng ngowahi adhem panase banyu sing desimpen nang jerone." Tama melu semaur.

Arumi keton esih bingung karo jawabane Tama. Untunge, Tama gelem njelasna. Pas digawe, kendhi kudu deobong dhisit ben atos. Goli ngobonge kuwe, gawe kendhi duwe bolong-bolongan sing cilik pisan. Anane bolongan kuwe merekna ana tukeran hawa kang njero lan njaba kendhi.

"Merga ana tukeran hawa, mula ana tukeran hawa mbarang. Hawa sing lewih adem mlebu maring kendhi.

Banjur gawe kendhi melu dadi adhem. Kaya kuwekawruh sing tau tek waca nang buku," kandhahe Tama.

"Oh, pantasan nek esuk, sisih njaba kendi kaya ana bune. Ana titik-titik banyu kaya kae. Banjur nek hawane agi anyes pisan, banyu nang kendhi melu kaya es," jerene Wuri.

"Ya kuwe merga anane proses *penguapan*," semasure Tama karo mangan peyek.

"Wah, inyong nembe ngerti. Dadi kendhi kiye kaya kulkas alami, ya." Arumi keton gumun.

"Padha, Rum. Inyong be nembe ngerti. Untunge ana Tama sing kaya buku mlaku. Kawruh apa bae ngerti." Wuri ngacungna jempol.

Bocah-bocah kuwe padha ngguyu bareng. Kayane Arumi kudu ngowahi sikape maring batir-batir anyare. Jebule, bocah loro kuwe apikan. Buktine, dina kiye dheweke olih akeh ngilmu kang Tama. Wuri ya bocahe apikan senjata cerewet. Kayane Arumi uwis molahi cocok karo panggonan anyare. Apa maning nek mbayangna babagan sing nyenengi bareng Wuri karo Tama. Boyong maring desa ora seelek sing depikirna.

Ngobor Welut

Tring!

Esuk-esuk ana pesen mlebu maring tilpun genggeme Arumi. Arumi sing nembe tangi langsung jukut telpone nang meja cilik cedhak amben. Dheweke bukak layar tilpun genggeme karo angob. Hmm, jebule pesen kang Trisa. Kadingaren batire kuwe ngirim pesen uput-uput. Arumi gageyan bukak pesen kuwe.

Pas debukak, ana kiriman gambar nang layar tilpun genggeme. Trisa agi foto nang cedhak papan iklan karo nyekel tiket. Kuwe acara pentas musik nang sekolah lawase Arumi. Nang kana pancen sering nekakna artis nek agi ana acara.



Sing gawe mlongo, bintang tamune siki Talitha, penyanyi cilik kesenengane Arumi. Uwis suwe Arumi kepengin ketemu artis kuwe. Ning, pas ana kelodhangan, malah dheweke uwis boyong. Apa maning pas maca pesene Trisa, perasaanane krasa campur aduk.

"Beja pisan, mbok? Teyeng ketemu langsung artis kesayangan. Kowe ora kepengin, Rum?"

"Huft!" Arumi gageyan nutup layar pesen tanpa mbalesi. Ujug-ujug, Arumi krasa getun. Nek ora melu boyong, mesti dheweke teyeng ketemu Talitha.

Merga pesen kang Trisa, atine Arumi dadi ora penak. Raine njapluk baen lan akeh menenge. Malah pas Wuri aseng dolan, Arumi nyemauri karo judhes. Dheweke nganti prentah Wuri kon lunga.

Sedina kuwe, Arumi mung nang jero kamar baen karo dolanan tilpun genggem. Dheweke bebeh lunga-lunga. Arumi nganti ora doyan mangan. Pas ibunetakon, dheweke mung semaur nek lagi keselen merga dolanan sedina wingi. Arumi moh detakoni werna-werna.

Sorene, ibu mlebu kamare Arumi. Ibune ngrasa aneh karo tingkahe Arumi dina kiye thok."

"Kowe ora ana masalah karo batir-batir anyarmu, mbok?" pitakone Ibu. Arumi sing agi turonan banjur menyat. "Ora, kok, Bu. Inyong mung kesel.

"Ya syukur. Kae Wuri ana nang jaba. Jere kepengin ketemu kowe." Ibu aweh ngerti seurunge metu kamar.

"Oh... iya, Bu. sedhela maning inyong maring ngarep." Arumi banjurmudhun kang amben. Dheweke pancen niyat

nemoni Wuri kanggo njaluk ngapura. Siki, Arumi uwis krasa mendhingan.

Arumi marani Wuri sing agi kandhahan karo simbah nang emper. Dheweke mesem sumeh.

"Kowe kang ngendi baen, Rum? Wuri uwis ngenteni sapet mau," ngendikane Simbah.

"Ora suwe, kok, Mbah. Inyong tembe gutul ngeneh," ujure Wuri karo cengar-cengir.

Arumi gemuyu. "Inyong keliwat turu, Mbah."

"Ya uwis nganah padha dolan bareng. Batiran sing akur, ya," mature Simbah karo nglajukna kursi rodane.

Arumi ngenteni simbahe mlebu. Banjur, dheweke njagong nang ngarepe Wuri.

"Ngapura, ya, mau esuk." Arumi keton rikuh.

"Iya, ora papa, kok. Oh, ya, aku arep aseng kowe melu ngobor welut."

Wuri ngomong prelune maring ngonoh.

Bathuke Arumi njengkerut. "Ngobor welut kuwe apa?"

"Golet welut nang sawah, Rum. Nek musim tandur kaya kiye, akeh welut padha metu. Nah, dhewek teyeng ndikepi." Wuri njelasna.

Krungu jeneng welut, Arumi dadi kemutan maring ula. Wujude pancen mandan mirip antarane welut karo ula. Arumi

kirig-kirig mbayangna kewan dawa kuwe. Ning, dheweke uga penasaran karo ngobor welut. Sapa ngerti ngobor welut teyeng gawe bombong atine.

"Dhewek ngobor welut siki?" takone Arumi.

Wuri gemuyu. "Ana-ana baen ngobor welut awan-awan, Rum? Ya mengko bengi, lah. Tama be melu."

Arumi ngeleg idu. Wengi-wengi maring sawah? Hiii.... Arumi langsung krasa wedi. Maring kamar mandi baen kudu debatiri.

"Aja kawatir, Rum. Ana bapake inyong, kok. Kebeneran bapake inyong olihpesanan golet welut kanggo acara mitoni. Inyong wis biasa melu golet welut. Dadisiki inyong kepengin aseng kowe," ujure Wuri.

Arumi ora janji teyeng melu. Bapak karo ibune urung karuwan aweh ijin. Apa maning wengi-wengi maring sawah. Arumi janji mengko arep ngabari maring Wuri. Siki dheweke arep njaluk ijin wong tuwane dhisit.

Bar Wuri bali, Arumi aweh ngerti rengrengane maring bapak lan ibune. Jane, dheweke wedi lunga wengi-wengi. Ning, rasa wedine kalah karo rasa penasarane.

"Gemiyen pas cilik, Bapak uga sering ngobor welut karo bapake Wuri. Bapak karo kae kan batir dolanan. Nek



uwis kewengen, Mbah Kakung nusul maring sawah. Wah, nyenengi pisan jaman semana." Bapak ngemut-emut jaman cilike. Arumi dadi melu mbayangna.

"Dadi kepriwe, Pak? Apa inyong oliv melu?" Arumi neges.

Bapak manthuk. "Oliv. Ben kowe tambah pengalaman. Nang kene uwis biasa bocah cilik melu ngobor."

"Apa aman, Pak?" Ibu keton kewatir. Maklum baen, ibu uripe nang kutha sapet cilik lan ora tau ngalami babagan kaya kuwe.

"Aman, Bu. Nek agi musim tandur, akeh wong padha ngobor welut, kok. Ngesuk-ngesuk Bapak uga arep melu jajal ngobor welut. Sisan Bapak ngemut-emut jaman cilik," ujar Bapak karo gemuyu.

Wengine, seuwise salat isya, Wuri nyamper Arumi. Bocah loro kuwemangkat maring sawah bareng-bareng. Tama uga melu bareng. Wuri gawa ember cilik, banjur Tama gawa lampu petromaks.

"Deneng ngobor welute wengi, sih?" takone Arumi karo ngrapetna jaket.

Jebule, hawane mandan adem.

"Merga welut kuwe metune wayah wengi. Nek awan, welut umpetan nang jero leng. Kalan-kalan dhewek uga mancing welut pas awan. Iya, mbok, Tam?" kandahe Wuri.

"Iya. Welut kan kewan wengi. Dadi, metune mung wengi thok. Nek wengi welut-welut padha golet pangan. Biasane padha pating ngglethak nang duwur lemah. Mulane kepenak didikep." Tama nyambung ujar.

Arumi manthuk-manthuk. Wah, dheweke olih informasi anyar maning.

Jebule bocah loro kuwe udu bocah desa biyasa.

"Apa nek wengi ora kleru ndikep ula?" Arumi mbayangna nek kleru ndikep ula. Wujude toli memper.

"Ya ora, lah. Tengere toli sejen, Rum. Ula ana sisike, nek welut kulite lunyu tur ana lendire. Welut senenge ngathang-ngathang nang duwur lemah. Nek ula keton mrambat." Wuri melu njelasna.

"Warnane uga sejen. Welut warnane ireng mandan coklat, nek ula sawah ana sing ireng mlenges utawa klawu." Tama ngimbuhi kawruh.

Sidane, padha gutul maring sawah. Bocah telu kuwe padha liwat tuk galengan. padha nguja golet welut nang petak sing sejen karo bapake Wuri. Tama aweh lampu petromaks maring Arumi merga dheweke arep ndikepi welut. Banjur Wuri sing gawa ember kanggo wadhah.

"Tama, kae welute!" Arumi mbengok karo nunjuk maring sawah sing keton ana welute. Ana welut loro sing agi meneng nang cedhak tanduran pari.

Tama gageyan mereki alon-alon. Banjur, dheweke langsung ndikep karo nyekel kenceng ndase welut. Arumi gumun pisan ndeleng Tama teyeng ndikep karo tangan kosong. kamangka, kulit welut licin tur angel decekel.

Jebule, rahasiane ana nang plastik cilik sing digawa nang

Tama. Plastik kuwe isine awu. Seurunge ndikep welut, Tama nguwuri tangane karo awu. Ben tangane pered nalikane ndikep welut. Jerene kuwe ilmu kang bapake Wuri.

Seliyane karo awu, ana uga cara ndikep welut sing nganggo bilah. Welute digebug karo bilah. Ning, Wuri karo Tama emoh merga ora tega mateni welut.

Sewise Tama, gentenan Wuri njajal ndikep welut. Senajan bocah wadon, dheweke wasis gole ndikepe. Ndeyan bapake sing maraih.

"Kowe arep njajal, Rum? Nyenengi, lho," ujure Wuri karo ngacungna welut.

"Err... kudu mudhun meng sawah, ya?" Arumi ndeleng jijih maring belet

sawah. Sikile bakal kotor nek mudhun. Ning, dheweke uga penasaran kepengin njajal ndikep welut dhewek. Apa maning weruh batire keton nyenengi pisan. Pas ana welut maning, Arumi njajal arep ndikep dhewek. Sendhale decopotlan dheweke mlebu maring belet. Pas mencrub, rasane anyes pisan.

Dheweke kangelan mlaku nang belet. Arumi nguwuri awu meng tangan kaya batire. Banjur dheweke medheki welute. Ning pas arep ndikep, Arumi malah keposok. Klambine

gupak belet. Dadine padha guyon kabeh.

Senajan bola-bali gagal, Arumi ora nyerah. Sidane, dheweke teyeng ndikep welut cilik. Arumi bungah pisan.

"Eh, kuwe anakan welut, Rum. Nek olih desotna baen. Dhewek mung ndikepi welut-welut sing uwis gedhe," kandane Wuri.

"Kenangapa, sih?" Arumi krasa eman-eman nek kudu ngesotna welute. "Ben welute ora entong. Dadi nek olih anakan welut biyasane disotna maning. Jorna ben gedhe kon padha manak," ujure Tama.

Oh, Arumi uwis ngerti siki. Dheweke banjur ngesotna welute.

Antarane jam sepuluh wengi, bapak Wuri aseng bali. Bapak Wuri uwisolih kasil akeh. Ora kaya kasile bocahan. Senajan olih sethithik, padha bungah pisan.

"Kowe mau kandhah jere welut-welut kuwe kanggo mitoni. Mangsude sihkepriwe? Apa demangsak?" takone Arumi pas nang dalan.

"Udu, lah. Ngesuk lah kowe tek sengi maring acara mitonine Mbak Irma.

Gawa watu bunder, ya." Wuri semaur karo angob.

Tekan umah, Arumi gageyan resik-resik. Ibu uwis nyiapna banyu anget. Kasil ngobor miki digawa nang Wuri

ben dimasak sisan. Wektune uwis wengi. Ning Arumi urung krasa ngantuk. dheweke esihkemutan ngobor welut miki. Rasa kuciwane mau esuk uwis ilang. Jebule ana babagan sing lewih nyenengna sekang pentas musik artis idolane. Arumi ngguling karo mesem. Ora let suwe Arumi uwis ngorok lirik.

Mitoni

S rengenge uwis panther esuk kiye. Arumi mbatiri simbah pepe. Biasane Simbah pepe karo Ibu. Ning, dina kiye, Arumi sing ngganteni. Dheweke sisan karo golet watu bunder sing diomong Wuri mau bengi.

"Kowe mesti kaget karo kahanan nang desa, ya, Nduk? Sejen karo nang kutha, nang kene sarwa esih sederhana tur tradhisional," ngendikane Simbah.



Arumi mung mesem. Dheweke bingung arep semaur apa. Mikine, dheweke pancen nggresula baen. Ning siki dheweke mulai seneng nang desa. Apamaning siki duwe batir anyar sing nyenengna kaya Wuri karo Tama.

"Ngapura, ya, Nduk. Merga Simbah kowe dadi melu boyong. Simbah ngerti kowe urung biasa urip nang desa." Simbah nggenggem tangane Arumi.

"Ora papa, Mbah. Inyong uwis agi betah nang kene, kok. Jebule nang desakuwe nyenengna." Arumi ngelus tangane simbah.

Karo goleti watu bunder, Arumi kandahan karo simbah. Malah simbah melu nggoletna watu bunder. Sekang simbah, Arumi dadi ngerti nek tradhisimitoni kuwe sewijine tradhisi syukuran pas ibu hamil kandungane uwis pitung wulan. Biasane ana pirang-pirang acara. Contone mbandhem pager karo watu bunder, rebutan welut, kenduri bareng, lan bagi-bagi nasi kenduri.

Kayane acarane pancen nyenengi. Mula, seuwise mbatiri simbah pepeArumi pamit maring ibu. Dheweke arep lunga maring gone Wuri. Watu bundere melu digawa.

"Ayuh dhewek gageyan maring umahe Mbak Irma. sedhela maning acarane mulai," ujure Wuri pas Arumi teka.

Arumi ngetutna Wuri maring umahe wong sing arep mitoni. Tekan nganah, uwis akeh bocah. Tama uga melu. Bocah kae ngumpul karo bocah-bocah lanang. Kabehan padha nggawani watu bunder.

"Eh, Wuri, welut sing mau bengi kepriwe?" Arumi dadi kemutan karo welut sing dipesen kanggo mitoni.

"Mengko seuwise bandhem pager, dhewek gari rebutan welut karo dhuwit recehan. Ning rebutane nganggo tangan kosong. Ora kaya ndikep welut nang sawah," ujare Wuri.

"Wah, angel, ya." Arumi teyeng mbayangna lunyune welut.

"Kuwe sing nyenengi, Rum. Sapa sing olih ya kuwe sing begja." Wuri jegigisan.

Acara mitoni uwis arep diwiwiti. Acara diwiwiti karo kenduri wong tuwa sing dipimpin nang kayim. Banjur kenduri bocahan dipimpin nang dukun bayi. Seuwise kenduri, bocahan padha nampa berkat sing dibuntel godhong gedhang. Bocahan dikon kumpul nang panggonan sing arep kanggo bandhem pager. Biasane nang jabane kamare wong sing hamil.

Seurunge acara bandhem pager, Arumi weruh Mbak Irma milih bocah loro, lanang wadon, kanggo ditandani karo bedak. Tama ditandani lan diweidhuwit. Maring

bocah wadon sing depilih semana uga. Jere Wuri, kuwe pengarepane Mbak Irma. Nek anake lanang, ngarepe pinter tur bagus kayak Tama. Nek anake wadon, moga-moga ayu lan putih kaya bocah wadon kae.

“Mengko nek uwis dikon bandhem, kowe nguntalna watune maring pager, ya. Banjur, mlayu sing banter maring panggonan sing ana welut karo dhuwit recehan.” Wuri awèh ngerti.

Arumi manthuk. Dheweke krasa dheg-dhegan merga tembe tau melu acara kaya kiye. Apa teyeng mlayu banter? Aduh, Arumi ora sabar dadine.

Akhire, dukun bayi awèh aba-aba kon bandhem. Arumi karo bocahangageyan bandhem watu maring pager. Banjur dheweke mlayu ngetutna bocahan. Meh baen berkate arep wutah merga dheweke kesandhung. Bocahan mlayu maring latar sing uwis disebari welut karo dhuwit recehan.

Arumi melu rebutan dhuwit. Dheweke njajal ndikep welut. Senajan angel, dheweke ora nyerah. Arumi kepengin pisan olih welute. Senajan keré dhewek, Arumi teyeng ndikep welute.

“Wah, lumangyan olih welut, Rum. Gedhe maning. Enak kuwe dibakar,” ujare Wuri pas padha ngaso nang ngisor wit.

"Apa enak?" takone Arumi.

"Enak, lah. Jajal baen debakar nang umah. Apa maning nek debakar nang pawon tambah gurih toli," ujure Wuri karo ngetokna recehan sekang sak klambi.

Arumi melu ngetung dhuwite. Kabehan olih telung ewu perak. Senajan ora akeh, ning Arumi krasa bungah pisan. Perjuwangane gole ngarahi kuwe sing nyenengi.

Sewise ngaso, banjur bocah loro kuwe padha bali. Arumi lan Wuri janji arep dolanan bareng maning ngesuke.

Kacu Unik

Uwis pirang dina, Arumi ora dolanan bareng karo Wuri. Terakhire pas acara mitoni. Arumi kuatir karo batire kuwe. Dheweke banjur niat dolan maring umahe Wuri. Menawane ana apa-apa karo batire.

Sewise sarapan, Arumi gageyan maring umahe Wuri. Mung umahe Wuri tok sing Arumi ngerti. Senajan uwis arep rong minggu nang kene, ning dheweke jarang lunga-lunga. Ora suwe dheweke tekan.

Arumi uluk salam lan nyeluk jenenge Wuri. Ning sing metu malah mamake Wuri.



"Goleti Wuri, ya, Rum? Wuri agi nggarap tugas nang umahe Tama,"angsulane mamake Wuri.

Arumi mandan kuciwa ning lega. Merga batire ora kenang apa-apa. Wuri lan Tama pancen uwis molahi sekolah maning. Nek Arumi urung daftar sekolah maning merga esih ana berkas sing urung beres.

"Mak, umahe Tama nang sisih ngendi, ya?" Akhire Arumi wani takon.

dheweke arep nusul maring nganah.

Mamake Wuri banjur aweh ngerti ancer-ancer umahe Tama. Seuwise matur nuwun, Arumi banjur pamit. Jebule ora angel golet umahe Tama merga umahe keton sejen karo liyane. Umahe gedhe tur maen pisan kaya umahe preyayi. Member lah, Tama keton udu anake wong biasa.

"Arumi! Maring ngeneh karo sapa?" Tama kaget pas weruh Arumi.

Arumi awe-awe. "Miki inyong maring gone Wuri. Ning jere mamake, Wuri nang kene. Dadi inyong takon umahe kowe maring mamake Wuri."

Wuri gleges. "Ngapura, lah, ngapura. Sapet wingi inyong ora kober dolan.

Deleng kiye! Tugas sekolahe langsung segunung, kamangka, tembe mlebu."

"Agi padha gawe apa, sih?" Arumi penasaran weruh banyu warna-warni karo krikil dibunteli bahan.

"Kiye agi gawe taplak meja karo corak batik jumputan," terange Tama.

Batik jumputan kuwe sewijine batik sekang Jawa Tengah. Jumputan asale sekang tembung *jumput*, sing artine 'njukut setithik karo driji'. Cara gawene pancen Kuwe, krikil utawa wiji-wijian ditata nang duwur bahan banjur dibundhel. Mengko dadi akeh ana bunderan cilik-cilik nang bahane.

"Kowe arep njajal gawe, Rum? Kuwe esih ana bahan lewihan. Teyengkanggo gawe kacu." Wuri nawani.

"Apa olih, sih? Ning inyong urung ngerti cara gawene?" Arumi jukut bahan lewihan.

"Ya olih, lah. Mengko diwarahi cara gawe batik jumputan," semuare Tama. Banjur karo garapi tugas, Tama lan Wuri maraih Arumi.

Arumi ngethok bahan lewihan seukuran kacu. Banjur dheweke nata barang kanggo gawe corak. Barang sing teyeng dienggo kaya krikil utawa wiji-wijian contone kacang ijo, jagung, lan dhele. Arumi milih nganggo wiji-wijian. Kebeneran, Wuri karo Tama uga nganggo wiji kanggo gawe tambahan corak seliyane krikil.

Arumi nata wiji nang ndhuwur bahan. Dheweke nguja nganggo wijine campuran lan ora sewerna. Dheweke penasaran karo asil jumputan wiji-wijian kuwe. Mesti corake sejen-sejen. Seuwise kuwe, gari dejireti karo karet bahane.

"Bar kiye gari kepriwe maning?" takone Arumi karo nidokna kacune sing uwis kebek jiretan.

"Gari dikum karo pewarna, Rum. Kuwe pilih dhewek warnane nang wadhah," semuare Wuri.

Arumi ndeleng-ndeleng wadhah sing isi banyu warna-warnine. Ana warna abang, kuning, ijo, biru, lan ungu. Arumi bingung milih warnane merga kabehan keton maen.

Wuri aweh ngerti nek pewarna-pewarna kuwe asale sekang bahan-bahan alami. Contone warna kuning sekang kunir, warna abang sekang *buah naga*, ijo sekang godhong pandan, ungu semu abang sekang rosela, lan warna biru sekang kembang telang. Nganggo pewarna alami lewih aman lan kepenak degolete.

"Seliyane kuwe uga teyeng nganggo cat air utawane pewarna panganan," ujure Tama karo mbunteli krikil nang taplak meja.

"Iya, ning kudu tuku maring pasar. Kadohen, lah. Mendhing nganggo pewarna alami sing ana nang kebon,"

kandane Wuri karo nyampur pewarna, uyah,lan cuka.

"Inyong malah tembe ngerti nek kembang lan woh-wohan kuwe teyeng dadi pewarna alami. Nek kunir, inyong ngerti kanggo pewarna kuning. Merga ibune inyong cok nganggo nek masak," ngakune Arumi. Dheweke seneng olih ngilmu anyar maning.

Sidane, Arumi milih warna biru sekang kembang telang. Warna birune pancen maen pisan. Bar kuwe, bahane dekum nang campuran banyu uyah, cuka, lan pewarna. Uyah lan cuka gunane kanggo negesna warna. bahane dikum antarane 20--30 menit nganti warnane ngresep. Nek kepengin asil sing lewih maen, ngekume karo digodhog. Dadi, bahane demangsak karo pewarna.

Sambi ngenteni bahane sing lagi dekum, padha dopokan karo mangan suguhane ibune Tama. Bocah telu kuwe keton buket pisan gole ndopok. Ora krasa uwis telung puluh menit. Wayahe bahane dientas.

Arumi gumun pisan weruh bahane dheweke malik warna biru. Seurungedebukak bundelane, bahane kudu dekumbah dhisit karo banyu resik. Warna bahane blas ora luntur utawa ilang. Pas bundelane debukak, ana bekas-bekas wiji nang

bahan. Bentuke unik ngecap wiji-wijian mau. Kacune dadi keton unik tur maen.

"Siki gari depepe." Wuri gawa bahan taplak meja maring panggon pepean. "Suwene sepira gole meme?" takone Arumi karo ngetutna.

"Tekan garing. Nek panas semelet kaya kiye, sejam baen uwis garing.

Apa maning bahane tipis." Tama sing nyauri.

"Nek bahane kowe lewih cepet garing merga bahane ciut," ujure Wuri.

Arumi mung manthuk-manthuk. Dheweke melu maring panggong pepean.

Ora kelalen jepitan pepean dienggo ben bahane ora kabur.

Seuwise sejam, bahane uwis garing. Warnane dadi maen pisan. Langsung dicekeli baen nang Arumi. Tembe tau dheweke gawe prakerya unik kaya kiye. Kapan-kapan dheweke arep gawe maning karo warna-warna liyane.

"Kacu istimewa kiye. Inyong teyeng gawe dhewek. Kesuwun, ya, wis maraih inyong gawe bahan jumputan." Arumi mesem.

Wuri karo Tama melu mesem seneng. Sewise tugas sekolahe rampung, banjur padha dolanan bareng.

Detawani nang Bapak

Arumi balik nggawa kaku gaweane karo mesem-mesem baen. Ibune ngantigumun merga Arumi keton seneng pisan. Pas dikandahi nang Arumi, ibune melu tresna karo kaku gaweane Arumi.


"Arumi, Bapak arep ngomong sedhela." Bapak nimbali Arumi. Arumi ngetutna bapake maring bale.

"Bapak ngerti kowe abot manggon nang desa. Merga kuwe, Bapak uwis mutusna, nek kowe ora usah melu boyong. Kowe tetep manggon nang Jakartakaro Mas Elang. Bulik Erna uwis nyiapna panggonan ben kowe teyeng manggon nang kana," ngendikane Bapak.

Arumi ora gageyan semaur. Dheweke mandan mikir. "Mangsude Bapak, inyong ora sida manggon nang kene?"

Bapak manthuk. "Bapak karo Ibu uwis rembugan. Bapak karo Ibu melas ndeleng kowe ora betah nang kene. Sawetara dhewek adoh-adohan dhisit. Bapakkaro Ibu mengko bakal sering tilik."

Krungu kaya kuwe, Arumi malah nangis. Awale dheweke pancen krasa bebeh urip nang desa merga apa-apa angel.



Ning banjur duwe batir-batir anyar, Arumi ngrasa lewih seneng urip nang desa. Jebule urip nang desa ora seelek sing dibayangna. Dheweke mulai biasa urip nang kene sing sarwa kebates.

"Dadi uwis ora beban maning?" Bapak negesna.

"Ora, Pak. Inyong uwis mulai betah nang kene. Nang kene inyong uwis duwe batir. Bapak karo Ibu ora usah kawatir maning. Inyong tetep gelem manggon nang kene, kok," semau Arumi karo mesem.

Mikine, Arumi diarani mung api-api betah nang bapak lan ibune. Ning jebule Arumi pancen uwis betah urip nang desa.

"Nang kene inyong olih akeh ngilmu lan pengetahuan anyar, lho. Batir- batir padha maraih dolanan tradhisional, ndikep welut, nganti maraih gawe batik kiye. Maen, mbok?" Arumi kandhah karo bungah.

"Ya syukur nek kowe uwis betah. Ibu karo Bapak dadi plong rasane," ngendikane Ibu karo ngrangkul Arumi.

Arumi ora eruh sapet kapan dheweke molahi betah nang kene. Ning, sing genah, nek dekon balik maring kutha maning, dheweke emoh. Kanggo siki, dheweke krasa lewih seneng urip nang desa. Akeh babagan anyar sing teyeng dejajal karo batir-batire.

"Dadi apa sing detawakna nang Bapak detolak kiye? Mengko nang kene kowe ora teyeng mangan *pizza* utawa *burger* maning?" Bapak ngeledhek karo gemuyu.

"Ditolak! Ora ana *pizza*, budin ya kena. Lewih sehat maning," semasure Arumi. Kabehan padha gemuyu krungu semaurane Arumi.

Arumi uwis mantep boyong maring desa. Dheweke ora sabar kepengin njajal babagan anyar liyane karo batir-batir anyare.

Biodata Pangripta-Panjarwa

Fajriatun Nurhidayati, miwiti nulis carita kanggo anak-anak taun 2015. Tekan saiki uwis nerbitake 50 buku anak. Karya-karya uga dimuat nang koran lan majalah nasional. Duwe pengalaman dadi penulis Gerakan Literasi Nasional (GLN) Badan Bahasa taun 2019, 2020, lan 2022. Saiki penulis netep nang kutha Banjarnegara. Yen pengin kenalan bisa mampir maring IG @d_fajria utawane email fajriatun_nur@yahoo.co.id

Ketika Akumi Pindah Rumah

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

Teman Baru

Arumi terlihat mondar-mandir sambil menggoyang-goyangkan gawainya. Wajahnya terlihat cemberut. Berulang kali ia berdesah. Anak perempuan berusia sebelas tahun itu berharap gawainya segera mendapatkan sinyal.

Sayangnya, sejak sampai di sini beberapa hari lalu, sinyal di gawainya timbul tenggelam. Bahkan, kadang tidak ada sama sekali. Padahal, Arumi ingin sekali menghubungi teman-temannya. Ia mau memberi kabar sekaligus menceritakan kahanan di sini.



"Coba kamu ke luar rumah. Mungkin di luar sinyalnya lebih kuat," saran Ibu pada Arumi. Ibu merasa kasihan melihat Arumi tidak tenang sejak pagi.

Rumi berdesah. "Harusnya kita tidak pindah ke pelosok begini, Bu."

"Sabar, ya, Arumi." Ibu menenangkan.

Namun, Arumi semakin cemberut. Ia berjalan ke luar rumah sambil mengomel lirih. Arumi benar-benar kesal. Usahanya seharian ini untuk mencari sinyal ternyata sia-sia. Ia berharap semua ini hanya mimpi. Tidak pernah

terbayangkan ia akan terdampar di daerah terpencil seperti ini.

Sudah tiga hari, Arumi berada di rumah neneknya. Rencananya, kulawarga Arumi akan pindah ke desa. Nenek Arumi sudah sering sakit-sakitan sehingga perlu ada yang menemani. Sementara, ayah Arumi anak tunggal. Karena itulah, ayahnya mengajukan pindah kerja ke kantor cabang agar bisa lebih dekat dengan rumah nenek. Mau tidak mau Arumi pun terpaksa ikut pindah bersama orang tuanya.

Namun, kakak Arumi tetap tinggal di Jakarta bersama keluarga Tante Erna, adik ibu. Sebab, sebentar lagi Kak Elang akan lulus SMP. Ayah ingin Kak Elang melanjutkan sekolah di kota saja. Uh, betapa beruntungnya kakaknya itu.

Jika bisa memilih, Arumi lebih baik tinggal di kota. Di sana semua serba mudah. Mau pergi ke mana saja, banyak transportasi yang tersedia. Mencari apa pun mudah dilakukan karena banyaknya pusat perbelanjaan.

